

2026 гъэм и Адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ

2 - 3-нэ нап.



КIапсэ гъуэгущIэхэр

4-нэ нап.

Артистым и махуэр япэу ягъэлъапIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№5 (24.911) ● 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 21, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIауэ

Шэрэдж районым хыхьэ Жэмтхьэлэ къуажэм дэт амбулаторэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щрагъэкIуэкIащ «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» щIыналъэ программэмкIэ. Унэр зэращIрэ илъэс 50 хъуащ, абы лъандэрэ иджыщ ар япэу къызыхуэтыншэу зыхуей щыхуагъэзэжар.

УХУАКIУЭХЭМ унэ щIыбыр, унащхьэр къагъэщIэрэщIэжащ, пэшхэм я щытыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ, щхьэгъубжэхэр, бжэхэр, инженер коммуникацэхэр зэрахъуэкIащ.

Зэгъэпэщыжыныгъэхэр ирагъэкIуэкIащ сымаджэхэм я тыншыпIэм хуэщIауэ. Пэшхэмрэ къудамэхэмрэ зэкIалъахьащ IуэхущIапIэм къекIуалIэхэр зы щIыпIэм щызэтримыхьэным хуэщIауэ, щхьэхуэу къыхагъэкIащ сабийхэми балигъхэми папщIэ чэзум щыпэплъэ плIанэпэхэр. Дохутырхэр щылэжьэну, сымаджэм щеплъыну, щеIэзэну пэшхэр иIэщ.

Амбулаторэм къепхащ къуажэдэс 3000, 700-р сабийуэ. Махуэм къриубыдэу абы цIыху 30-м зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэтыфынущ.

Медицинэ IуэхущIапIэр мыгувэу къызэIуахыжынущ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Сабий IыгъыпIэщIэ

«Унагъуэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм сабий IыгъыпIэщIэ щаухуэн щIадзащ. КъатитIу зэтет унэм сабии 100-м нэс щIэхуэнущ.

НОБЭКIЭ IуэхущIапIэм лъабжьэ хуэхъуну щIыпIэр хьэзыр хъуакIэщ. ДяпэкIэ ухуэныгъэр зытетыну бетоныр иракIэнущ.

Проект ящIам ипкъ иткIэ, сабий IыгъыпIэм хэтынущ цIыкIухэр зыщIэсыну пэшхэр, спорткIэ зыщагъэсэнухэр, музыкэм епхар, шхапIэ, медицинэмкIэ пэш. Ухуэныгъэм къедза пщIантIэри зыхуей хуагъэзэнущ.

IуэхущIапIэр илъэсыр имыух щIыкIэ нагъэсыну я мурадщ.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

Лъэпкъ хабзэхэм я дерс

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмкIэ еджапIэ. «Къонакъым» и япэ зэIущIэм хэтащ Налшык къалэм дэт гимназие №14-м и 7-нэ классхэм щIэсхэр.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артуррэ гъэсакIуэхэмрэ.

Япэ зэIущIэр теухуат щэнхабзэмрэ хабзэмрэ. Абы ипкъ иткIэ ныбжьыщIэхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и мыхьэнэмрэ Адыгэ Хабзэм, Ёзден Адет, урыс къэзакъ щэнхабзэм къигъэув щыIэкIэ-псэукIэмрэ.

КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм теухуауэ зэпсэлъэныгъэ купщIафIэхэр тхьэмахуэ псокIэ зэхэтыну яубзыхуащ Iуэхур къызэзыгъэпэщахэм. Школым къакIуэ ныбжьыщIэхэр а махуэхэм хуагъэзэнущ хабзэм, щэным фIыуэ хэзыщIыкIхэм. НыбжьыщIэхэм а щIыкIэм тету зрагъэгъуэта щIэныгъэр щагъэлъэгъуэну зэIущIэр мазаем и кIэм ЩIалэгъуалэм я унэм щызэхэтыну яубзыхуащ.

Мы илъэсым къриубыдэу апхуэдэ егъэджэныгъэхэм цIыху мини 10-м щIигъу хэтыну хуагъэфащэ. Iуэхур КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и жардэмкIэ къыхалъхьауэ аращ, щIэблэр хабзэмрэ щэнхабзэмрэ щыгъуазэу къытщIэхъуэн, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр нэхъри быдэ хъун папщIэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

МылъкукIэ зыщIагъакъуэ

2026 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ Урысей Федерацэм щолажьэ «Агробизнес мащIэм зегъэужьын» къэрал пэхуэщIэщIэр. Абы ипкъ иткIэ мэкъумэшыщIэхэм ират дэIэпыкъуныгъэхэм унэтIыныгъэщIэхэр къыхыхьэнущ. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

АБЫХЭМ ящыщщ къуажэ щIыпIэхэм щIакхъуэгъэжьапIэ мыинхэр къыщызэIухыным хуэунэтIа пэхуэщIэхэм грантхэмкIэ защIэгъэкъуэныр. Абы и куэдагъыр сом мелуани 10-м нэблэгъэнущ, ауэ ар пэхуэщIэм и уасэм и процент 50-м щIигъунукъым. Ахъшэр зыхухахам трагъэкIуэдэн хуейщ мазэ 18-м къриубыдэу. Мыдрейуэ, ди къэралым щIыналъэхэу Украинэм и дзэхэм я зэран зэкIахэм а грантыр мазэ 30-кIи къагъэсэбэпыну хуит ящI.

ПэхуэщIэхэр къыхэзыхынур щIыналъэ властхэращ, ауэ, иужькIэ, ар УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм деж щызэрагъэкIун хуейщ. А унафэр къамыщтэ щIыкIэ апхуэдэ ухуэныгъэхэр езыгъэжьа хьэрычэтыщIэхэм ахэр и кIэм нагъэсыж хъунущ а ахъшэмкIэ. Абы нэмыщI, грантыр зратынухэм хуагъэув щIакхъуэрэ щIакхъуэхэкIыу къыщIагъэкIым и куэдагъым илъэс къэс процентi 3-кIэ хагъахъуэурэ я Iуэхур екIуэкIын хуейуэ.

Апхуэдэуи, къэрал дэIэпыкъуныгъэр зылъагъэсыну унэтIыныгъэхэм хохьэ фермерхэм я продукцэхэр къэзыщэху, абыхэм елэжь, ахэр зыщэж мэкъумэш кооперативхэр икIи а Iуэхухэм трагъэкIуадэ ахъшэм и Iыхьэ гуэрхэр мы гъэм щыщIэдзауэ иратыжынущ абыхэм. Псалъэм папщIэ, сом мелуани 5 - 25-м нэсыху и уасэ продукцэ фермерхэм я деж къыщызыщэхуа кооперативхэм ахъшэм и проценти 10-р иратыжынущ. Сом мелуан 25 - 50-м къриубыдэм - абы и процент 12-р, сом мелуан 50-м щегъэжьауэ нэхъыбэм - процент 15-р.

Мэкъумэш IэнатIэм къыщагъэсэбэпыну электрокъару къэзылэжь газ оборудованэхэр я деж щызыгъэув хьэрычэтыщIэ IуэхущIапIэхэм абы трагъэкIуэда ахъшэм и процент 60-р къэралым хуипшыныжынущ. Ауэ зы IуэхущIапIэм хуэзэу сом мелауни 10 нэхърэ нэхъыбэ иратыжынукъым.

УФ-м и Правительствэм иджы къищта унафэм тепсэлъыхьу Мишустин Михаил иджыблагъэ и къуэдзэхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIащ а Iэхугъуэхэм папщIэ къэралым и бюджетым сом мелард 14-м нэблагъэ мы гъэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Абы нэмыщI, «Агротуризм» къэрал пэхуэщIэщIэм щхьэкIэ сом мелуан 730-рэ къэрал мылъкум щхьэхуэу къыхэкIынущ. Ари ягъэзэщIэнущ «Агробизнес мащIэм зегъэужьын» къэрал пэхуэщIэщIэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дызэкъуэту

Иджырей ди лIыхъужьхэм траухуащ «Стойкость и мужество ради светлого будущего потомков» тхылъыр. Ар Налшык къыщыдэкIащ къалащхьэм щылажьэ ЦIыхубзхэм я советым и нэIэ щIэту. Тхылъым щызэхуэхьэсащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм я благъэ-Iыхьлыхэм я тхыгъэхэр. Пщыгъэуш Дамир тетхыхьащ и адэ Залыми, и тхыгъэр къытыдодзэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сыножьэ. Псори дыножьэ

СЭ си цIэр Дамирщ, илъэсипщI сохъу, къуэш нэхъыщIитI сиIэщ - Алимрэ Ратмиррэ. Си анэ Рузанэ хуэдэу гущабэ дунейм тету си фIэщ хъуркъым. Ауэ мы тхыгъэмкIэ зи гугъу сщIынур си адэ Залымщ. Ар зауэлIщ, Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэщ.

Псори дыхуозэш папэ. Псом нэхърэ нэхъыбэу зэшу си гугъэщ мамэ, зэзэмызэ, жэщу сыкъызэщыумэ, ар щэхуу зэрыгъыр икIи тхьэ зэрелъэIур зэхызох. ЗыкъезгъащIэркъым сыкъызэщыуауэ. Мэгузавэ мамэ, шынэуи къыщIэкынущ папэ дзэ Iуэхум зэрыхэтым щхьэкIэ, сэри согузавэ...

Папэ сэ куэдрэ къызжиIащ лъэщу ущытыным умышынэн хуейуэ къызэримыкIыр. Абы къикIыр, ушынэу щытми, пэжым тету упсэунырщ. Си адэм жиIащ дэри нэгъуэщI цIыхухэри дызэрихъумэр. ЖиIащ дэ мамыру дыпсэун папщIэ езыр дзэ Iуэху хэхам зэрыкIуар. А псалъэхэм я мыхьэнэр сэ икIэм нэсу къызгурыIуэу схужыIэнукъым. Ауэ, къызгурымыIуэми, си фIэщ мэхъу си адэм жиIар. Абы сыт щыгъуи пэжщ жиIэр.

Си адэр зэрытщIымыгъурэ сэ щIэх-щIэхыурэ согупсыс къызжиIауэ щытахэм, сызыхуигъэсахэм. «Уи плIэр занщIэу Iыгъ», жиIэрт зэпымыууи, абы сесащ. Iуэху куэд зэдэтщIэрт: е гаражым дыщIэтынт машинэр тщIыжу, е ар итхьэщIыну щыкIуэкIэ сыздишэнт, е конструкторхэр зэпкърытлъхьэнт. И Iэр си дамэм къытрилъхьэрти, «уэ ухъумакIуэ цIыкIущ», - жиIэрт. Сэ сыдыхьэшхырт. Ауэ иджы къызгурыIуащ «хъумакIуэ цIыкIуу» сыщытын зэрыхуейр.

Си адэм и макъыр си гум къохьэ. Ар куэдрэ къэпсалъэркъым телефонкIэ, зэзэмызэщ зыкъыщытпищIэфыр. СыщепсалъэкIэ деж, телефоныр быдэу IитIкIэ соубыд. Си тэмакъыр щиубыдыкIауэ си гъын къакIуэми, «псори дыхъарзынэщ», жызоIэ. ФIыуэ сызэреджэр, си анэм сызэрыдэIэпыкъур, Алимрэ Ратмиррэ дазэрытемыплъэкъукIыр жызоIэ. Езым сыт щыгъуи къызжеIэ: «Уэт, лIы, уэт си щIалэ! Сэ уэркIэ согушхуэ!». Сэ а псалъэхэр зыкIэ си гуапэщи!

СыщIохъуэпс си адэр узыншэу унэм къэкIуэжыну, дэ псори дыгуфIэу дыпежьэну, дыкъиIэтыну. Алим тIэкIу ткIиифэ зытригъэуэну и ужь итынкIэ хъунущ, ауэ къыпымыгуфIыкIыу хуэшэчыну си фIэщ хъуркъым. Ратмир папэ и пщэдыкъым дэтIысхьэнущ, гуфIэнущи! Мамэ IэплIэ иришэкIынущ. «Си адэ, уэ нэхърэ нэхъыфI щыIэкъым! УлIыхъужьщ!», - жысIэнущ сэ.

Сэ сощIэ си адэр гугъу зэрехьыр. Тхьэ солъэIу нэхъ псынщIэу зэщIыгъу дыхъужыну.

Папэ, мы си тхыгъэм укъеджэ хъужыкъуэмэ, бжызоIэ: «Сыножьэ. Псори дыножьэ. ФIыуэ удолъагъу, уэркIэ догушхуэ! Уи щIалэ Дамир!»

Къуажэ гъащIэм драгъэхьэх

● ЩIэ

Пхъэм къыхэщIыкIа унэ цIыкIухэр, мэкъумэшым зэрелэжь техникэр, щIэи гъуни зимыIэ губгъуэшхуэр - а псори - нэм къыхуэмыплъыхьу уи нэгу къыщыщIэувэкIэ, япэ дыдэрауэ уи гупсысэр зыхуэжэр щIым елэжь къуажэдэсхэм ижькIэрэ я псэукIэу щытам гъунэгъу узэрыхуэхъурщ.

АТIЭМИ, щыгъуазэ захуэзыщIхэм зэрыжаIэмкIэ, республикэм и Прохладнэ щыналъэм хыхьэ Пролетар къуажэм мэкъумэшым щелэжьу дэта IуэхущIапIэм и пщIантIэм къыщызэIуаха, «Восход» зыфIаща мэкъумэш-турист (агро-тур) «жылэ цIыкIум» хухаха щIыгум ирагъэгъуэта теплъэмрэ абы иращIыхьа ухуэныгъэхэмрэ удамыхьэхыныр Iэмал зимыIэщ.

Эко-жылэм хьэщIапIэ кIуэхэм абдежым зыщагъэпсэху къудейкъым, атIэ къуажэ гъащIэр зыхуэдэр щызэрагъэлъагъу икIи и хуэмэбжьымэ гуэрхэм щалъоIэс.

ХэщIапIэр ухуэн щыщIадзар илъэсрэ ныкъуэрэ ипэкIэщ. Мы зэманым абы и пщIантIэм щыбгъуэтынущ - къахуэкIуэхэр жэщкIэрэ къыщынэ хъу хьэщIэщ цIыкIухэр (псори зэхэту 8 мэхъу), шхапIэ зыкъизыхыр, жызумеишхуэр, зыIыгъ-зезыхьэхэр зыщIэс унэр. ХьэщIэщ къэс цIэ зырыз зэрыратари гъэщIэгъуэнщ. Абыхэм фIащар къуажэм къедза губгъуэшхуэм щыхасэ къэкIыгъэ, хьэцэпэцэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэреджэрщ: «Гуэдз», «Хьэгулывэ», «Нартыху», нэгъуэщIхэри.

КъыщызэIуахым иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ властым и къудамэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр, Прохладнэ районым щыхьэщIэхэмрэ щыпсэухэмрэ.

«Дыхуейщ ди деж къакIуэхэм, мэкъумэшыщIэм и лэжьыгъэр зыхуэдэм щыгъуази нэхъ гъунэгъуи зыхуащIу, къуажэ гъащIэм дедгъэхьэхыну, я нэхъ мащIэрауэ пщIэ нэхъ хуащI хъуну. Псом хуэмыдэжу тфIэфIщ къалэшхуэхэм щыпсэухэм едгъэлъагъуну губгъуэм илэжьыхьэр зыпэрыт IэнатIэм зэрыдихьэхри гъавэ бэв къыщрахьэлIэжкIэ зэрыгуфIэри...

«Псалъэм папщIэ, хьэщIэхэр гъавэ зэщIэкъуэжыгъуэм кърихьэлIэмэ, дэ абыхэм я нэгу тхущIэгъэкIынущ губгъуэм комбайнхэр зэрыщылажьэр, кърахьэлIэж хьэцэпэцэр цIыхухэм зэрыщызэрагъэзэхуэжыр, уеблэмэ абдеж дыдэм шэджагъуашхи зэдедгъэщIыфынущ. КIэщIу жытIэмэ, къуажэ гъащIэр зищIысыр, зэрыжаIэу, гукIи-псэкIи щызыхедгъэщIэфынущ.

Махуэ бжыгъэкIэ зыщызыгъэпсэхухэр къуршхэми тхуэшэнущ. Псалъэм папщIэ, туристхэм мащIэу фIэкIа къамыгъэунэхуа Хъырзынэпс и тIуащIэ Iузэвым. ХьэщIэхэм, дауи, дахутепсэлъыхьынущ ди къуажэм щыпсэу лъэпкъхэм - адыгэхэм, балъкъэрхэм, къэзакъхэм, корейхэм, нэгъуэщIхэми - я хабзэ-бзыпхъэхэр, щэнхабзэр зыхуэдэм, яIудгъэхуэнущ япщэфI шхыныгъуэхэм ящыщу нэхъ гурыхьу къалъытэхэр», - жиIащ «жылэщIэ цIыкIум» и лэжьакIуэ Къаныкъуэ Анастасие.

Проектыр зыхуей хуэгъэзэным, псори зэхэту, сом мелуан 30-м щIигъу ирагъэхьащ. Абы щыщу мелуан 11-р, «Туризмэмрэ цIыхухэм хьэщIагъэ ехынымрэ» («Туризм и гостеприимство») лъэпкъ проектымкIэ грант къызэрыщахьэхуам тету, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм къахуиутIыпщащ.

И зэхэгъэувэкIэмкIи къалэну зыхуигъэувыжахэмкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэ IуэхущIапIэ-хэщIапIэр къызэрыщызэIуахам Пролетар къуажэдэсхэр хуабжьу щыгуфIыкIащ. Абы и зы щхьэусыгъуэщ агро-тур жылэ цIыкIум нэхъри и цIэр Iурэ къакIуэхэм къахэхъуэмэ, я жылэм лэжьапIэщIэхэри къызэрыщыунэхуунур. Ар, дауи, къалэ нэхъ инхэм пэжыжьэ къуажэм дежкIэ жыы къабзэ Iубыгъуэм хуэдэщи, щIэгъэкъуэныфIщ.

ПроектыщIэм адэкIи зэрызиужьыфынур гукIи-псэкIи я фIэщ мэхъу и зэхэублакIуэхэм. Дауи, хьэщIэу къахуэкIуэхэм хузэхалъхьа программэр нэхъри щIэщыгъуэ ящIрэ зрагъэубгъумэ, губгъуи кърши зэрыжаIэу, цIыхухэр зыхуейм яшэмэ, пщыхьэщкIэрэ концерт зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэлъагъумэ, хэт ищIэрэ, къалэшхуэхэм дэсхэр нэхъ дэзыхьэх щIыпIэу къыщIэкIынри зыхуэIуа щыIэкъым «Восход» зыфIаща мэкъумэш-турист екIуэлIапIэр. IуэхущIапIэщIэм щылажьэхэм зэрыжаIэмкIэ, 2030 гъэм ирихьэлIэу абдежым къыщызэIуахыну я мурадщ шыхэр щаIыгъ шэщхэри, санэплъ-санэху щыщIаху лъэщапIэри, джэдкъаз щагъэхъу фермэ цIыкIури. А псоми, езы къуажэр къыдогъанэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым туристу къакIуэхэм я бжыгъэм нэхъри зэрыхигъэхъуэнум шэч къытрахьэркъым IуэхущIапIэщIэм зи нэIэ тезыгъэт министерствэм щылажьэхэми.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Лъахэхутэ мыхьэнэ иIэу

Урыс географие зэгухьэныгъэм и щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэм хэтхэм 2026 гъэм и турист лъэхъэнэр къыщызэIуахащ Нартия бгым. ЗэкIуэр траухуащ ЩIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэр мы гъэм илъэсипщI зэрырикъум.

УЭС къесагъащIэм хэту, абыхэм я гъуэгуанэр зэпачри, бгым и щыгу дыдэм щащIа мафIэм бгъэдэсу шэджагъуашхэ къызэрагъэпэщащ. ЗекIуэм хэтахэм я гъусащ КъБР-м зыгъэпсэхупIэхэмрэ туризмымкIэ и министрым и къуэдзэ Щхьэгъэпсэу Аслъэнбий, Урыс географие зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIалэгъуалэ центрым и унафэщI Мокаев Тенгиз сымэ.

«Альтаир» щIалэгъуалэ клубым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Бочаровэ Алинэ зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ зекIуэхэр хабзэ даxэ яхуэхъуауэ ирагъэкIуэкI. ЗекIуэм и гъуэгуанэр гугъукъым, абы къыхэкIыу балигъми сабийми хуэгъэкъарууну икIи дэтхэнэми фIэгъэщIэгъуэнынущ.

Нартия бгыр Налшык къалэм щхьэщыт мэзылъэ шытхым и лъагапIэ нэхъ ин дыдэщ, абдеж утету щыхьэрым IупщIу ухоплъэ. Абы узэрыдэкIуейлъагъуэр дахэщ, и джабэ нэкIухэмрэ езы щыгумрэ бжейм щIигъэнащ. Кизиловкэ бгым узэрыдэкIуейлъэс лъагъуэмкIэ Нартия ухуокIуэ.

Мы гъуэгум лъахэхутэ, тхыдэ мыхьэнэ иIэщ, 1942 гъэм Налшык - Орджоникидзе зэхуакур хъумэным теухуауэ къызэрагъэпэща Iуэхухэм тепщIыхьмэ. А лъэхъэнэм бгыщхьэм быдапIэ щаухуат, советыдзэхэм я миномёт, пулемёт гупхэм папщIэ. Абыхэм я нэIэ тетт 37-нэ Армэм и дзэхэм зыщахъумэну щIыпIэхэм никъусаныгъэншэу зыщагъэбыдэным.

«Мы гъэм «Альтаир» клубым лъахэхутэ, спорт, егъэджэныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ куэд иригъэкIуэкIынущ Урыс географие зэгухьэныгъэм и ЩIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэр илъэсипщI зэрырикъум и щIыхькIэ», - къыхегъэщ Бочаровэм.

ЗекIуэм япэу хэтахэм Щхьэгъэпсэу Аслъэнбий яритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа тхылъ саугъэтхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым пещэ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:
унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 942-рэ кIэпIейкIэ 35-рэ;
фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 860-рэ кIэпIейкIэ 15-рэ.

Ди индексыр П5894

2026 гъэм и Адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ


Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр

Егоровэ Татьянэ

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд

Сэхъурокъуэ Хьэутий

Унэж Кашиф

Бэрбэч ХьэтIутIэ

ЖьэкIэмыхъу Маринэ

ЩIЫШЫЛЭ (ЯНВАРЬ)

ЩIышылэм и 21
1926 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр**.
1946 гъэм къалъхуащ УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Мэлбахъуэ Борис**.
1961 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хьэщэ Къанщобий**.

ЩIышылэм и 25
Урысей студентыгъуэм и махуэщ. Татьянэ и махуэщ
1941 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ГъукIэжь Владимир**.

ЩIышылэм и 26
Таможнэм и лэжьакIуэм и дунейпсо махуэщ
1936 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Тау Хьэзешэ**.

ЩIышылэм и 27
Холокостым ихьахэм я фэеплъ махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, политик **Чэт Юрэ**.

ЩIышылэм и 29
1941 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, литературэмкIэ критик **Чэмокъуэ Тыркубий**.

ЩIышылэм и 30
1951 гъэм къалъхуащ УФ-м и щIыхь зиIэ и дохутыр, КъШР-м и цIыхубэ дохутыр **Къуэн Валентинэ**.

МАЗАЕ (ФЕВРАЛЬ)

Мазаем и 1
1936 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ **Куэшбей Пщымахуэ**.

Мазаем и 2
Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэщ.
1943 гъэм советыдзэхэм Сталинград и деж текIуэныгъэ къыщахьащ.

Мазаем и 3
1924 гъэм «Красная Кабарда» газетым и цIэр «КъэрэхьэлъкъкIэ» зэрахъуэкIащ.
1931 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист, уэрэджыIакIуэ **Къуныжь Хьэждал**.

Мазаем и 4
Лышх узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

Мазаем и 8
Урысей щIэныгъэм и махуэщ
ЛIыхъужь-антифашист ныбжьыщIэм и фэеплъ махуэщ

Мазаем и 9
Граждан авиацэм и лэжьакIуэм и махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Иуан Анатолэ**.

Мазаем и 10
Дипломат лэжьакIуэм и махуэщ

Мазаем и 11
1946 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, егъэджакIуэ, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Унэж Кашиф**.

Мазаем и 13
Радиом и дунейпсо махуэщ

Мазаем и 14
ТхылъкIэ зыгуэрым хуэупсэным и дунейпсо махуэщ
Валентин щихъым и махуэщ - ФIыуэ зэрылъагъухэм я махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Атэлыкъ Анатолэ**.
1966 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къардэн Маринэ**.

Мазаем и 15
Я къулыкъу ягъэзащIэу нэгъуэщI къэрал щыхэкIуэда урысей цIыхухэм я фэеплъ махуэщ
КъэхутакIуэ ныбжьыщIэм и махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыдакъ Рашид**.

Мазаем и 16
1956 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент, жылагъуэ лэжьакIуэ **Болэ Ильзитэ**.

Мазаем и 18
УФ-м и гъуэгухъумэ полицэм и махуэщ

Мазаем и 20
1931 гъэм къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Теувэж Хьэбибэ**.

Мазаем и 21
Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ
1846 гъэм къалъхуащ чех тхакIуэ цIэрыIуэ, «Шэрджэс» поэмэмрэ «Адыгэ» Iуэтэжымрэ зи IэдакъэщIэкI **Чех Сватоплук**.

Мазаем и 22
1961 гъэм къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм, Ингушым, Осетие Ищхъэрэм я цIыхубэ артисткэ **Сокъур Ольгэ**.

Мазаем и 23
Хэкум и хъумакIуэм и махуэщ
1931 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Акъсырэ МуIэед**.

Мазаем и 25
1916 гъэм къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м и япэ ректор **Бэрбэч ХьэтIутIэ**.

Мазаем и 27
1941 гъэм къалъхуащ УФ-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я артист, КъШР-м, Адыгейм я цIыхубэ артист **Гъуэт Хъусин**.

ГЪАТХЭПЭ (МАРТ)

Гъатхэпэм и 1
Граждан зыхъумэжыныгъэм и дунейпсо махуэщ

Гъатхэпэм и 3
ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ
1921 гъэм къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, егъэджакIуэ, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ечыкъуэ Александр**.
1921 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **Къардэн Зэмахъшэрий** (КъШР).

Гъатхэпэм и 4
Анэшхуэхэм я махуэщ

Гъатхэпэм и 5
1911 гъэм къалъхуащ КъШР-м и политикэ лэжьакIуэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат **Къардэн Iэдэм**.

Гъатхэпэм и 6
Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ
1976 гъэм къалъхуащ журналист, «Черкес хэку» (КъШР) газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Езауэ Маринэ**.

Гъатхэпэм и 8
ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ
1936 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Арэшыкъуэ Виктор**.

Гъатхэпэм и 9
1946 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Къарэжь Людмилэ**.
1956 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**.
1961 гъэм къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Мартин**.

Гъатхэпэм и 10
УФ-м и архивхэм я махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Бесчокъуэ Майе**.

Гъатхэпэм и 11
Наркоконтролым и лэжьакIуэм и махуэщ
1991 гъэм «Ленин гъуэгу» газетым и цIэр «Адыгэ псалъэкIэ» зэрахъуэкIащ.

Гъатхэпэм и 12
Суд унафэкIэ тезыр зытралъхьам щрагъэпшыныж IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Гъатхэпэм и 13
1941 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и метролог, КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, къэрал, политикэ лэжьакIуэ **Шурдым Юрэ**.

Гъатхэпэм и 14
Адыгэбзэм и махуэщ

Гъатхэпэм и 15
ЩэхуакIуэм и хуитыныгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Гъатхэпэм и 20
Насыпым и дунейпсо махуэщ

Гъатхэпэм и 21
Усыгъэм и дунейпсо махуэщ
Лъэпкъ зэхэгъэжыр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ
Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэщ
1961 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джэтокъуэ Олег**.

Гъатхэпэм и 22
ЦIыхум къыхуэгъэсэбэпыну псым и дунейпсо махуэщ
1936 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъМУ-м и япэ ректору щыта, КъБР-м, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ФиIэпщэ Борис**.

Гъатхэпэм и 23
Урысейм и гидрометеорологие къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Гъатхэпэм и 24
Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хъыдзэдж Борис**.

Гъатхэпэм и 25
Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Гъатхэпэм и 27
Театрым и дунейпсо махуэщ
Урысейм и Лъэпкъ гвардием и дзэм и махуэщ

Гъатхэпэм и 28
Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

Гъатхэпэм и 29
1946 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Руслан**.

Гъатхэпэм и 30
1941 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, оперэ уэрэджыIакIуэ **Дэбагъуэ Хьэсэн**.
1946 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.
1956 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, оперэ уэрэджыIакIуэ **Хъупсырджэн Албэч**.
1961 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **ЖьэкIэмыхъу Маринэ**.

МЭЛЫЖЬЫХЬ (АПРЕЛЬ)

Мэлыжьыхьым и 1
Ауанымрэ дыхьэшхэнымрэ я махуэщ
Къуалэбзухэм я дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 2
Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ
Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ
1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкIэ къыщыдигъэкIащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.

Мэлыжьыхьым и 4
1896 гъэм къалъхуащ адыгэ тхыдэр зыджа, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Кокиев Георгий**.
1951 гъэм къалъхуащ усакIуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емыжь МулиIэт**.
1966 гъэм къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Дунейпсо Гуманитар академием хэт **Къумыкъу Iэуес**.

Мэлыжьыхьым и 6
1941 гъэм къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **АбытIэ Хъызыр**.

Мэлыжьыхьым и 7
Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 10
1956 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Дау Марианнэ**.

Мэлыжьыхьым и 11
ГъэрыпIэм исхэр хуит къэщIыжыным и дунейпсо махуэщ
1936 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, публицист цIэрыIуэ **Щоджэн Аслъэнбэч**.
1966 гъэм къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ **Аслъэн Iэсият**.

Мэлыжьыхьым и 12
Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я махуэщ

Мэлыжьыхьым и 14
1951 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Тау Ибрэхьим**.

Мэлыжьыхьым и 15
Экологие щIэныгъэм и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 17
1971 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, егъэджакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дол Анжелэ**.

Мэлыжьыхьым и 18
Фэеплъхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 19
Урысей полиграфием и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 22
ЩIым и махуэщ
Администрацэхэм щылажьэхэм я махуэщ
1886 гъэм къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Елбэд Хьэсэн**.

Мэлыжьыхьым и 23
Тхылъымрэ ар зытхым и хуитыныгъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 24
ЩIалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

Мэлыжьыхьым и 25
Адыгэ (шэрджэс) ныпым и махуэщ
Къуэш зэхуэхъуа къалэхэм я дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 26
Нотариатым и махуэщ
Радиацэ, нэгъуэщI къэхъукъащIэ шынагъуэхэм къарикIуахэр гъэкIуэдыным хэтахэмрэ абы хэкIуэдахэмрэ я фэеплъ махуэщ

Мэлыжьыхьым и 27
Урысей парламентаризмэм и махуэщ
1931 гъэм къалъхуащ КъБР-м и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIасэ Чэмал**.

Мэлыжьыхьым и 28
Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 29
Къафэм и дунейпсо махуэщ

Мэлыжьыхьым и 30
Урысейм ис лъэпкъ мащIэхэм я махуэщ

НАКЪЫГЪЭ (МАЙ)

Накъыгъэм и 1
Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэщ

Накъыгъэм и 2
1931 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, философ, профессор, КъБР-мрэ АР-мрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, МАИ-м и академик **Лъостэн Владимир**.
1941 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м и Къэзыбж палатэм и япэ унафэщI (1994 - 2000) **Къармокъуэ Хьэчим**.

Накъыгъэм и 3
Печатым и хуитыныгъэм и дунейпсо махуэщ

Накъыгъэм и 4
1956 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и экономист **Щауэжь Хьэсэнбий**.

Накъыгъэм и 5
Акушеркэм и дунейпсо махуэщ

Накъыгъэм и 6
1936 гъэм къалъхуащ адыгей философ, тхакIуэ, социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч**.

Накъыгъэм и 7
Радиом и махуэщ - Связым и IэнатIэм и лэжьакIуэ псоми я махуэщ

Накъыгъэм и 8
Жор плъыжьымрэ Мазэ ныкъуэ щхъуантIэмрэ я дунейпсо махуэщ
1876 гъэм къалъхуащ адыгэ революционер **Щоджэн Мос**.
1936 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нэгъуей Беслъэн**.

Накъыгъэм и 9
ТекIуэныгъэм и махуэщ
1931 гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пэнагуэ Азэмэтджэрий**.
1951 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Блий Станислав**.

Накъыгъэм и 10
1916 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къуэныкъуей Назир**.

Накъыгъэм и 11
1921 гъэм къалъхуащ КъБР-м и къэрал лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Евтушенкэ Николай**.
1931 гъэм къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Гуманитарнэ щIэныгъэхэмкIэ академием, МАН-м, ЩIДАА-м я академик **АфэщIыж Марат**.

Накъыгъэм и 12
Медицинэ сестрахэм я дунейпсо махуэщ
1916 гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Аргун Iэбубэчыр (ПIатIэ)**.
1936 гъэм къалъхуащ еджагъэшхуэ, IуэрыIуатэдж, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист, радиом и диктор, «Адыгэхэм я къуалэбзу щIэныгъэр» зытха **Брат Хьэсин**.

Накъыгъэм и 15
Унагъуэм и дунейпсо махуэщ
1921 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дудар Хьэутий**.

Накъыгъэм и 16
1841 гъэм къалъхуащ адыгэ узэщIакIуэ, бзэщIэныгъэлI, этнограф **ХьэтIохъущокъуэ Къазий**.
1961 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Барокъуэ Хьэсэн-Алий**.

Накъыгъэм и 17
ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я дунейпсо махуэщ

Накъыгъэм и 18
Музейхэм я дунейпсо махуэщ

Накъыгъэм и 20
Метрологием и дунейпсо махуэщ

Накъыгъэм и 21
Урыс-Кавказ зауэм (1763 - 1864) хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъ махуэщ

Накъыгъэм и 22
1946 гъэм къалъхуащ Германием къикIыжа, хэхэс адыгэхэм я тхыдэм телэжьыхьа, ЩIДАА-м и академик **Едыдж Батрай**.

Накъыгъэм и 24
Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ
1926 гъэм къалъхуащ Тыркум щыщ адыгэ, спорт лэжьакIуэ, Олимп Джэгухэм я чемпион (1948) **Бильге Газанфер**.

Накъыгъэм и 25
Филологым и махуэщ

Накъыгъэм и 26
Урысей хьэрычэтыщIэм и махуэщ

Накъыгъэм и 27
Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м и къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, РАЕН-м, ЩIДАА-м я академик, ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

Накъыгъэм и 28
Гъунапкъэхъумэм и махуэщ

Накъыгъэм и 30
Химикым и махуэщ

Накъыгъэм и 31
Урысей адвокатурэм и махуэщ

МЭКЪУАУЭГЪУЭ (ИЮНЬ)

Мэкъуауэгъуэм и 1
Сабийхэм я хуитыныгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
Адэ-анэхэм я дунейпсо махуэщ
1921 гъэм «Красная Кабарда» газетым и япэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ.
1936 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шортэн Тамарэ**.

Мэкъуауэгъуэм и 4
Залымыгъэм ихьа сабий лажьэншэхэм я дунейпсо махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 5
Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и дунейпсо махуэщ
Экологым и махуэщ
1926 гъэм къалъхуащ журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъан Чыланий**.

Мэкъуауэгъуэм и 6
Пушкиным и махуэщ
Урысыбзэм и махуэщ
Мелиораторым и махуэщ
1951 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Абыдэ Мусэ**.

Мэкъуауэгъуэм и 10
1961 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, шэрджэс еджагъэшхуэ **Тамэ Мухьэрбий**.

Мэкъуауэгъуэм и 12
Урысейм и махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 13
1936 гъэм Къэбэрдей лъэпкъ драмэ театрыр къызэIуахащ.
1946 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Даур Борис**.
1951 гъэм къалъхуащ шэрджэс щIэныгъэлI, ветеринар щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Аргун МуIэед**.

Мэкъуауэгъуэм и 14
1971 гъэм къалъхуащ журналист, усакIуэ, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Аброкъуэ Беллэ**.

Мэкъуауэгъуэм и 16
1931 гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Хьэжмэт Хьэсэн**.

Мэкъуауэгъуэм и 18
1956 гъэм къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Ало Владимир**.

Мэкъуауэгъуэм и 20
Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ
Залымыгъэм е насыпыншагъэм къыхэкIкIэ, хэкур, зи псэупIэр къэзыгъэна цIыхухэм я дунейпсо махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 21
1956 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий**.
1956 гъэм къалъхуащ усакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Мыкъуэжь Анатолэ**.

Мэкъуауэгъуэм и 22
Щыгъуэмрэ фэеплъымрэ я махуэщ - Хэку зауэшхуэр щыщIидза махуэщ
1941 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **КъуэщIысокъуэ Александр**.

Мэкъуауэгъуэм и 23
Дунейпсо Олимп махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 24
1936 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **АфIэунэ Алий**.
1951 гъэм къалъхуащ режиссер, УФ-ми Абхъазми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Фырэ Руслан**.

Мэкъуауэгъуэм и 25
Статистикэм и лэжьакIуэм и махуэщ
1941 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ, журналист **Нэхей Руслан**.

Мэкъуауэгъуэм и 26
Наркоманием ебэныным и махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 27
Урысейм и щIалэгъуалэм и махуэщ

Мэкъуауэгъуэм и 29
Партизанхэмрэ абыхэм щэхуу ядэлажьэхэмрэ я махуэщ

БАДЗЭУЭГЪУЭ (ИЮЛЬ)

Бадзэуэгъуэм и 1
Архитектурэм и дунейпсо махуэщ

Бадзэуэгъуэм и 2
Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ

Бадзэуэгъуэм и 3
ГАИ-м и махуэщ

Бадзэуэгъуэм и 4
1766 гъэм къалъхуащ убых лъэпкъым и пашэ, Урыс-Кавказ зауэм и лIыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил**.

Бадзэуэгъуэм и 5
1946 гъэм къалъхуащ КъБР-м и спорт лэжьакIуэ, боксымкIэ СССР-м и мастер, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Алий Сулеймэн**.

Бадзэуэгъуэм и 7
1946 гъэм къалъхуащ АР-м щIыхь зиIэ и журналист, тхакIуэ, усакIуэ **Хъурмэ Хъусен**.

Бадзэуэгъуэм и 8
Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм я махуэщ

Бадзэуэгъуэм и 9
1931 гъэм къалъхуащ АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтар Хьэмид**.
1941 гъэм къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий**.

Бадзэуэгъуэм и 10
1931 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, къэрал лэжьакIуэ **Щоджэн Iэбу**.
1966 гъэм къалъхуащ КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ, оперэ уэрэджыIакIуэ **Шэрджэс Iэсият**.

Бадзэуэгъуэм и 11
Лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ
Урысей пощтым и махуэщ
Бдзэжьеящэм и махуэщ

Бадзэуэгъуэм и 14
1936 гъэм къалъхуащ КъБР-м и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, УФ-м мэкъумэш IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщI (1988 - 1991) **Мамхэгъ Михаил**.
1961 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ, тхакIуэ **ГутIэ Саният**.

Бадзэуэгъуэм и 20
Шахматым и дунейпсо махуэщ

Бадзэуэгъуэм и 21
1876 гъэм къалъхуащ генерал, «Кавказым и тхыдэ» (1914), «Хьэттхэр» (1915), «Адыгэхэмрэ алыджхэмрэ» (1915) тхылъхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа **Чынатыкъуэ Мэт Иззэт-пэщэ**.

Бадзэуэгъуэм и 23
1951 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м Социальнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием хэт, ЩIДАА-м и япэ вице-президент, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ АР-м и къэрал институтым и унафэщI **ЛIэужь Iэдэм**.

Бадзэуэгъуэм и 24
Сатум и лажьакIуэхэм я махуэщ
1961 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ, тхакIуэ **Хъунэгу Саидэ**.

Мыкъуэжь Анатолэ

Хьэщэ Къанщобий


Аслъэн Iэсият

Сокъур Ольгэ

Бесчокъуэ Майе

Хъупсырджэн Албэч

Дау Марьянэ

Шэрджэс Iэсият

2026 гъэм и Адыгэ махуэгъэпс-щIэнгъуазэ

Бадзэуэгъуэм и 25

Дзэ-тенджыз флотым и махуэщ

УФ-м и Следствие къулыкъущIапIэхэм щылажьэхэм я махуэщ

1886 гъэм къалъхуащ Иорданием и къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, юстицэмкIэ министру лэжьа, Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Хьикмэт (МафIэдз) Омар**.

1936 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик, АР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьут Шамсудин**.

Бадзэуэгъуэм и 26

1936 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, тхыдэтх-архивист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Опрышкэ Олег**.

1946 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бицу Анатолэ**.

Бадзэуэгъуэм и 27

1936 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей**.

1971 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ, прозаик **Тау Нинэ**.

Бадзэуэгъуэм и 30

Зэныбжьэгъугъэм и дунейпсо махуэщ

1916 гъэм къалъхуащ япэ рангым и капитан, Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта, дзэ-тенджыз щIэныгъэхэм я кандидат **Вэрокъуэ Гъузер**.

ШЫЩХЬЭУIУ (АВГУСТ)

ШыщхьэуIум и 1

Инкассаторым и махуэщ

Зи хэку къэзыгъэзэжа адыгэхэм я махуэщ

ГъущI гъуэгум и лэжьакIуэхэм я махуэщ

ШыщхьэуIум и 2

1886 гъэм къалъхуащ Тыркум щыщ япэ адыгэ сурэтыщI **Мехри-ханум (Къардэн)**.

ШыщхьэуIум и 3

1936 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI **БжэIумых Хьид**.

ШыщхьэуIум и 4

1966 гъэм къалъхуащ Урысейм и ЛIыхъужь, ВДВ-м и кхъухьлъатэзехуэ **Цей Эдуард**.

ШыщхьэуIум и 5

1741 гъэм къалъхуащ медицинэм и доктор, РАН-м и академик, адыгэхэм, абазэхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щыIэкIэ-псэукIэр джыным елэжьа **Паллас Петр-Симон**.

ШыщхьэуIум и 6

Хиросимэ и махуэщ

ШыщхьэуIум и 8

УхуакIуэм махуэщ

1956 гъэм къалъхуащ политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и III, IV, V хэхыгъуэхэм я депутат **Къудалы Мухьэмэд**.

ШыщхьэуIум и 9

ЩIыдэлъху лъэпкъхэм я дунейпсо махуэщ

Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я дунейпсо махуэщ

1966 гъэм къалъхуащ къэрал, спорт лэжьакIуэ, КъШР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI, самбомкIэ дунейм (1996 гъ.), Европэм (1994 гъ.) я чемпион, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Уэз Мурат**.

ШыщхьэуIум и 10

1921 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI **Нало Ахьмэдхъан**.

ШыщхьэуIум и 11

1966 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **ДзыхьмыщI Иринэ**.

ШыщхьэуIум и 12

ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ

Урысей Федерацэм и Дзэ-Хьэуа къарум и махуэщ

ШыщхьэIум и 13

Iэ сэмэгукIэ тхэхэм я дунейпсо махуэщ

ШыщхьэуIум и 14

Абхъазыр зыхъумахэм я фэеплъ махуэщ

Физкультурникым и махуэщ

1941 гъэм къалъхуащ шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ **Дыгъужь Къурмэн**.

1956 гъэм къалъхуащ Урысейм и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэ, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Мастафэ Вячеслав**.

1961 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, журналист **Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ**.

1966 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Тхьэщыгъуей Жаннетэ**.

ШыщхьэуIум и 15

Урысейм и Хьэуа флотым и махуэщ

ШыщхьэуIум и 17

1946 гъэм къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор, КъШР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Абдокъуэ Станислав**.

ШыщхьэуIум и 19

Гуманитар дэIэпыкъуныгъэм и дунейпсо махуэщ

1931 гъэм къалъхуащ адыгэ скульптор **Уэзы Заурбэч**.

ШыщхьэуIум и 20

1916 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, егъэджакIуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, СССР-м щIыхь зиIэ и агроном, КъБАССР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр (1953 - 1962) **ЩауэцIыкIу Залымджэрий**.

1921 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Мейкъуапэ къалэм щIыхь зиIэ и цIыху **Лъакъуэмыдэ Нуриет**.

ШыщхьэуIум и 22

Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэщ

ШыщхьэуIум и 23

1926 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шортэн Даниткэ**.

1956 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэпащIэ Заудин**.

ШыщхьэуIум и 25

1966 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къэзанш Людмилэ**.

ШыщхьэуIум и 27

Урысей киноми махуэщ

ШыщхьэуIум и 30

1936 гъэм къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Германием щыIэ Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэща **Салехь (Уджыхъу) Ихьсан**.

1941 гъэм къалъхуащ КъБР-м и къэрал, политикэ, спорт лэжьакIуэ, футболымкIэ СССР-м и мастер **Сыжажэ Валерэ**.

1961 гъэм къалъхуащ КъБР-м и спорт лэжьакIуэ, атлетикэ псынщIэмкIэ спортым и мастер, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**.

1981 гъэм къалъхуащ КъБР-м и жылагъуэ лэжьакIуэ, хьэрычэтыщIэ, юридическэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Едыдж Едыдж**.

ШыщхьэуIум и 31

Ветеринар лэжьакIуэм и махуэщ

ФОКIАДЭ (СЕНТЯБРЬ)

ФокIадэм и 1

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ

Налшык къалэм и махуэщ

ЩIэныгъэм и махуэщ

ФокIадэм и 2

Урысей гвардием и махуэщ

ФокIадэм и 3

Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

ФокIадэм и 4

1666 гъэм къалъхуащ Урысейм и къэрал, дзэ, политикэ лэжьакIуэ, пащтыхь Алексей Михайлович и тетыгъуэм Правительствэм и УнафэщIу щыта **Черкасский Яков (Урысхъан)**.

ФокIадэм и 5

ЩIыдагъэ, газ промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

ФокIадэм и 6

1956 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Жамбэч Розиттэ**.

ФокIадэм и 8

Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэм я махуэщ

Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

Финансистым и махуэщ

ФокIадэм и 9

Дахагъэм и дунейпсо махуэщ

1921 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Тхьэгъуш Исмэхьил**.

1946 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд**.

ФокIадэм и 10

1916 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **ЩоджэнцIыкIу Iэдэм**.

ФокIадэм и 11

Гъэсэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкIуэкI IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

ФокIадэм и 13

Программистым и махуэщ

1826 гъэм къалъхуащ шапсыгъ политикэ лэжьакIуэ, дипломат **Хъущт Хьэсэн-хьэжы**.

1941 гъэм къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джыназ Борис**.

ФокIадэм и 14

1871 гъэм къалъхуащ генерал-майор, КъуэкIыпIэ Жыжьэм пащтыхьым щиIа армэм и дзэзешэ **Хьэгъундокъуэ Едыдж**. 1918 гъэм Франджым Iэпхъуауэ щытащ.

ФокIадэм и 15

1911 гъэм къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБАССР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, 1950 гъэхэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **ЦокIыл Борис**.

1946 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, публицист, зэдзэкIакIуэ **Хъуажь Фахъри**.

ФокIадэм и 16

1951 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ащхъуэт Олег**.

ФокIадэм и 18

1906 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Хьэбэчыр БетIал**.

ФокIадэм и 19

Мэзым и лэжьакIуэм и махуэщ

Секретарым и махуэщ

ФокIадэм и 20

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэщ

Адыгэшым и дунейпсо махуэщ

ФокIадэм и 21

Мамырыгъэм и дунейпсо махуэщ

1951 гъэм къалъхуащ социологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Нэпсо Марианнэ**.

ФокIадэм и 23

Махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъу бжьыхьэ махуэщ.

ФокIадэм и 24

1961 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, адыгэ тележурналист **Къардэн Аслъэн**.

ФокIадэм и 25

1886 гъэм къалъхуащ убых маршал **Шэрджэс Этхемпэщэ (Дипщэу)**.

ФокIадэм и 26

Машинэухуэм и махуэщ

ФокIадэм и 27

Туризмэм и дунейпсо махуэщ

Сабий гъэсапIэм и лэжьакIуэм и махуэщ

ФокIадэм и 28

Адыгэ фащэм и махуэщ

1931 гъэм къалъхуащ адыгэ конструктор-моделиер, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **СтIащ Юрэ**.

1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагъыстэнымрэ Ингушымрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик, Кавказ Ищхъэрэм и Артийскэ комитетым и президент **Бетыгъуэн Iэуес**.

ФокIадэм и 29

1921 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Хьэбэч Умар**.

ФокIадэм и 30

Абхъаз лъэпкъым и текIуэныгъэм и махуэщ

Зи тхьэкIумэм зэхимыххэм я дунейпсо махуэщ

ЗэдзэкIакIуэм и дунейпсо махуэщ

ЖЭПУЭГЪУЭ (ОКТЯБРЬ)

Жэпуэгъуэм и 1

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэщ

УФ-м и лъэсыдзэм и махуэщ

Макъамэм и дунейпсо махуэщ

1906 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, драматург **Нало Жансэхъу**.

Жэпуэгъуэм и 2

1951 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м, АР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, къэрал лэжьакIуэ **Тут Заур**.

Жэпуэгъуэм и 3

Нарт эпосым и дунейпсо махуэщ

1936 гъэм къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Къэбэрдей ФатIимэ**.

1966 гъэм къалъхуащ адыгэ усакIуэ, прозаик, журналист **ГъущIо Зариф**.

Жэпуэгъуэм и 4

Псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ

Граждан зыхъумэжыныгъэм и махуэщ

Жэпуэгъуэм и 5

ЕгъэджакIуэм и махуэщ

Уголовнэ розыскым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

1961 гъэм къалъхуащ Олимп Джэгухэм волейболымкIэ чемпион (1980) щыхъуа **Ахэмын Еленэ**.

Жэпуэгъуэм и 6

1946 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, жылагъуэ лэжьакIуэ **КIадэ Азэмэт**.

Жэпуэгъуэм и 9

Пощтым и дунейпсо махуэщ

1966 гъэм къалъхуащ актрисэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Мысостышхуэ Маринэ**.

Жэпуэгъуэм и 10

Мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ я лэжьакIуэм и махуэщ

1941 гъэм къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Дэбагъуэ Мухьэмэд**.

Жэпуэгъуэм и 11

1956 гъэм къалъхуащ полицэм и генерал-майор, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий**.

Жэпуэгъуэм и 12

1956 гъэм къалъхуащ КъБР-м, Ингушымрэ Осетие Ипщэмрэ щIыхь зиIэ я артисткэ, уэрэджыIакIуэ **Къэрым Иринэ**.

Жэпуэгъуэм и 13

1891 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, совет властыр Кавказ Ищхъэрэм щыгъэувыным хэлIыфIыхьа **Къатхъэн Назир**.

1911 гъэм къалъхуащ къэрал, парт лэжьакIуэ, политик, КъБАССР-м щIыхь зиIэи нартыхугъэкI **ХьэщIэлI Мухьэмэд**.

Жэпуэгъуэм и 14

Стандартизацэм и дунейпсо махуэщ

Жэпуэгъуэм и 15

Къуажэдэс бзылъхугъэхэм я дунейпсо махуэщ

Жэпуэгъуэм и 16

Ерыскъым и дунейпсо махуэщ

1961 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ШэджыхьэщIэ Юрэ**.

Жэпуэгъуэм и 17

Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ

Гъуэгухэм елэжьхэм я махуэщ

Жэпуэгъуэм и 18

1941 гъэм къалъхуащ КъБР-м и япэ Президент, къэрал лэжьакIуэ, политик **КIуэкIуэ Валерэ**.

Жэпуэгъуэм и 20

ПщафIэм и дунейпсо махуэщ

Дзэ связистым и махуэщ

1911 гъэм къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м мэкъумэш IэнатIэр къыщызэзыгъэпэща, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхыхьэгъуитхум и депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамбулэт**.

1936 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Жыгун Хьэту**.

Жэпуэгъуэм и 21

1881 гъэм къалъхуащ адыгэ пшынауэ Iэзэ **Хьэгъэудж Мухьэмэд**.

Жэпуэгъуэм и 23

Рекламэм и лэжьакIуэм и махуэщ

Жэпуэгъуэм и 24

ООН-м и дунейпсо махуэщ

1901 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ **Хьэткъуэ Ахьмэд**.

1981 гъэм къалъхуащ пшахъуэ гъуазджэмкIэ сурэтыщI, Братиславэ (2011), Берлин (2013), Алма-Аты (2011) щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэхэм щытекIуа **ГъукIэпщокъуэ Щауэмыр**.

Жэпуэгъуэм и 25

Урысей Федерацэм и таможенникым и махуэщ

1911 гъэм къалъхуащ тхакIуэ **Елмэс Хьэжбий**.

Жэпуэгъуэм и 26

1926 гъэм къалъхуащ «Красный Кавказ» колхозым и унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Тхьэкъуахъуэ Башир**.

1956 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Дзыгъуанэ Ритэ**.

Жэпуэгъуэм и 30

Политикэ залымыгъэм ихьахэм я фэеплъ махуэщ

Жэпуэгъуэм и 31

Автомобиль, цIыхухэр къезышэкI транспортым я лэжьакIуэм и махуэщ

Сурдопереводчикым и махуэщ

ЩЭКIУЭГЪУЭ (НОЯБРЬ)

ЩэкIуэгъуэм и 1

Менеджерым и махуэщ

Суд приставым и махуэщ

1936 гъэм къалъхуащ СССР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Иуан Галинэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 2

1951 гъэм къалъхуащ геолого-минеральнэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, УФ-мрэ Туркменистанымрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Абыкъуэ Лейла**.

1951 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэща **Хьэщхъуэжь Александр**.

ЩэкIуэгъуэм и 4

ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

ЩэкIуэгъуэм и 6

ФIагъым и дунейпсо махуэщ

1936 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист **ПащIэ Ахьмэд**.

ЩэкIуэгъуэм и 7

Октябрь революцэм и махуэщ (1917)

ЩэкIуэгъуэм и 9

1941 гъэм къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми я цIыхубэ сурэтыщI, Красноярск щыIэ художественнэ институтым и профессор, РАХ-м и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик **Пащты Герман**.

1966 гъэм къалъхуащ Истамбыл щыпсэу тхакIуэ, адыгэ бзылъхугъэ **Къущхьэ (Решат) Севим**.

ЩэкIуэгъуэм и 10

УФ-м къэралкIуэцI органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ

1926 гъэм къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат**.

ЩэкIуэгъуэм и 11

Экономистым и махуэщ

ЩэкIуэгъуэм и 12

Урысейм и Сбербанкым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

1936 гъэм къалъхуащ пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 13

Зи нэм имылъагъухэм я дунейпсо махуэщ

1951 гъэм къалъхуащ балетмейстер, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Молей Алихъан**.

ЩэкIуэгъуэм и 14

Социологым и махуэщ

Фошыгъу узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

ЩэкIуэгъуэм и 15

Зи армэ кIуэгъуэм и дунейпсо махуэщ

1951 гъэм къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Москва Финансхэмкiэ дэт академием и ректору лэжьа **Есчындар Мухьэдин**.

ЩэкIуэгъуэм и 16

ШыIэныгъэм и дунейпсо махуэщ

1936 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыкъынэ Хьэсэнбий**.

ЩэкIуэгъуэм и 17

Участковэм и махуэщ

Студентхэм я дунейпсо махуэщ

ЩэкIуэгъуэм и 19

Философием и дунейпсо махуэщ

ЩэкIуэгъуэм и 20

Сабийм и дунейпсо махуэщ

1946 гъэм къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **ЩакIуэ Мусэлий**.

1951 гъэм къалъхуащ юридическэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Кубаным щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Мерэтыкъуэ Хьисэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 21

Телевиденэм и дунейпсо махуэщ

Бухгалтерым и махуэщ

УФ-м и налог IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэм и махуэщ

1951 гъэм къалъхуащ адыгэ сурэтыщI **Маргъущ Анатолэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 22

Психологым и махуэщ

ЩэкIуэгъуэм и 24

1966 гъэм къалъхуащ радиожурналист **Гъубжокъуэ Раметэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 26

1941 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м, РАЕН-м я академик **Къумахуэ Мурадин**.

ЩэкIуэгъуэм и 27

Тенджызым тетхэм я махуэщ

1946 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Ажий Анатолэ**.

1951 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дадэ Суфэдин**.

ЩэкIуэгъуэм и 28

Анэм и махуэщ

1926 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, щэнхабзэмкIэ министру, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретару щыта **Уэрсей Фаинэ**.

ЩэкIуэгъуэм и 30

Хъыбархэм я пэжыпIэр хъумэным и махуэщ

ДЫГЪЭГЪАЗЭ (ДЕКАБРЬ)

Дыгъэгъазэм и 1

СПИД-м ебэныным и дунейпсо махуэщ

Дыгъэгъазэм и 2

Банкым и лэжьакIуэм и махуэщ

1960 гъэм къалъхуащ адыгэ джэгуакIуэ, усакIуэ **Агънокъуэ Адылджэрий (Лашэ)**.

Дыгъэгъазэм и 3

Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ

Юристым и махуэщ

Сэлэт ямыцIыхум и махуэщ

1956 гъэм къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, композитор, усакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Тыркум щыпсэу **Къущхьэ Догъэн**.

Дыгъэгъазэм и 4

Информатикэм и махуэщ

Дыгъэгъазэм и 5

Волонтерхэм я дунейпсо махуэщ

1916 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь (1940), КъШР-м хыхьэ Псыжь жылэм щыщ **Къуныжь Зэмахъшэрий**.

Дыгъэгъазэм и 7

Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ

Дыгъэгъазэм и 9

Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэщ

Iулъхьэм ебэныным и махуэщ

Дыгъэгъазэм и 10

ЦIыхум и хуитыныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Футболым и дунейпсо махуэщ

1936 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Лафыщ Мухьэмэд**.

Дыгъэгъазэм и 11

Бгыхэм я дунейпсо махуэщ

1956 гъэм къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сэкрэк Владимир**.

Дыгъэгъазэм и 12

Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ

1976 гъэм къалъхуащ бодибилдингымкIэ дуней псом и чемпион хъуа **Лъакъуэдыгъу Рамзес**.

Дыгъэгъазэм и 14

1816 гъэм къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, адыгэ, абхъаз, шэшэн алыфбейхэр зэхэзылъхьауэ щыта **Услар Петр**.

1936 гъэм къалъхуащ дирижер, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бекъул Леонид**.

Дыгъэгъазэм и 15

1951 гъэм къалъхуащ адыгэ композитор **Къэзан Аслъэнджэрий**.

Дыгъэгъазэм и 16

1916 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шортэн Аскэрбий**.

Дыгъэгъазэм и 17

Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэм и махуэщ

1936 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **ХъуакIуэ Заур**.

1946 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, къэрал лэжьакIуэ **Шыхъуэстэн Амдул-Хьэмид**.

Дыгъэгъазэм и 18

1931 гъэм къалъхуащ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Виктор**.

Дыгъэгъазэм и 20

Къэрал шынагъуэншагъэм и IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

Дыгъэгъазэм и 21

1946 гъэм къалъхуащ США-м щыщ адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэ **Юныс (Бэвий) Нихьэт**.

Дыгъэгъазэм и 22

Энергетикым и махуэщ

Дыгъэгъазэм и 25

1926 гъэм къалъхуащ дохутыр-педиатр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Кубаным щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бжьасэ Керим**.

Дыгъэгъазэм и 27

Урысей Федерацэм и къегъэлакIуэм и махуэщ

1976 гъэм къалъхуащ шэрджэс журналист, усакIуэ, публицист, прозаик, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Бемырзэ Зураб**.

Дыгъэгъазэм и 29

1916 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Мурат**.

1941 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Гъэунэ Борис**.

Дыгъэгъазэм и 30

1931 гъэм къалъхуащ еджагъэшхуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чым Юрэ**.

Зыгъэхьэзырар
НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.


КIуэкIуэ Валерэ

Бицу Анатолэ


Нало Ахьмэдхъан

Къэзанш Людмилэ


ЩоджэнцIыкIу Iэдэм


Къармокъуэ Хьэчим


СтIащ Юрэ


Шортэн Аскэрбий

Тхьэщыгъуей Жаннетэ

Шортэн Даниткэ

ГъущIо Зариф

Къэрым Иринэ

Къущхьэ Догъэн

Бетыгъуэн Iэуес

Тут Заур

Артистым и махуэр япэу ягъэлъапIэ

КъБР-м и Музыкэ театрым щIышылэм и 19-м щагъэлъэпIащ Артистым и махуэр. Ар мы гъэм япэу екIуэкIащ, актёр цIэрыIуэ Станиславский Константин къыщалъхуам трагъахуэу.

IУЭХУЩIАПIЭМ и пэIущIэ пэшым, япэ, етIуанэ къатхэм щагъэуват Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ сурэтхэр, концертхэмрэ спектаклхэмрэ я афишэхэр, декорацэхэм я макетхэр, концертхэмрэ спектаклхэмрэ я артистхэм я фэилъхьэгъуэ нэхъыфIхэр, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьыр ирагъэкIуэкIащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и актёр Мизиев Iэубэчыррэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Тхьэщыгъуей Жаннэрэ.

Утыкум экранышхуэкIэ къыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и творческэ гупхэм я лэжьыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэр. Пшыхьыр ирагъэжьащ Вознесенский Андрей и псалъэхэмрэ Паулс Раймонд и макъамэмрэ зыщIэлъ «Я вам спою ещё на бис» уэрэдымкIэ. Ар зэдагъэзэщIащ Музыкэ театрым и хорым хэтхэу Атмурзаевэ Танзиля, Абэнокъуэ Альмирэ, Теунэ Джэмал сымэ.

- ФIэхъус гуапэ фызох, ныбжьэгъухэ! Ягу, я псэ театреплъхэм тыхь яхуэзыщI, цIыхубэм яхуэгуапэ артистхэм пщIэрэ гулъытэрэ яхуэфащэщ. Аращ Артистым и махуэр ягъэлъэпIэну иджыблагъэ къыщIыхалъхьар, – жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. – Мамырыгъэ, гуфIэгъуэ, ехъулIэныгъэ фи щхьэкIи фи унагъуэкIи фыщымыщIэну Тхьэм жиIэ!

Къумахуэ Мухьэдин зи унафэщI министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ. Езы Мухьэдини абдеж щыIэрыхьэжащ УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Машков Владимир къыхуигъэхьа щIыхь тхылъыр, республикэм и театр гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ.

Машков Владимир артистхэм къазэрехъуэхъу псалъэ гуапэхэр экранымкIэ къагъэлъэгъуащ. Абы жиIащ я зэгухьэныгъэр илъэси 150-рэ щрикъум, Станиславский Константин къыщалъхуа махуэм, щIышылэм и 17-м ирихьэлIэу, Артистым и махуэр япэу мы гъэм зэрагъэлъапIэр, абы ирихьэлIэу щIыналъэ псоми фестивалхэр, концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрыщызэрагъэпэщынур. Абы артистхэм захуигъэзащ узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, зэфIэкI, театреплъхэм я лъагъуныгъэ яIэну. Машков и псалъэм щIигъужащ щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ илъэсыр зыхуэдэнур артистхэм я лэжьыгъэм куэдкIэ зэрелъытар.

КъБР-м и Профсоюз IуэхущIапIэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт жиIащ артистхэм я лэжьыгъэм я фIагъыр театреплъхэм къызэралъытэр зэрыуасэншэр, иджы къэралым Артистым и махуэр щагъэлъэпIэну зэрырагъэжьар зэрыпщIэ лъагэр. ФатIимэт республикэм и артистхэм ехъуэхъуащ театреплъхэр къахуэарэзырэ узыншагъэ яIэу утыкур ягъэбжьыфIэну. Ар зи унафэщI IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ.

КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Фырэ Майе зи махуэр зыгъэлъапIэ, гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ зи IэнатIэм пэрыт артистхэм захуигъэзащ я Iэзагъэм хагъэхъуэну, узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэ яIэу я лэжьыгъэр ирахьэкIыну икIи я IуэхущIапIэм и щIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм тыгъэ яхуищIащ.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр усэ къеджащ. УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ ЖьакIэмыхъу КIунэ игъэзэщIащ «Варварэ» пьесэм щыщ «Актрисэ» монологыр. КъБР-м и Музыкэ театрым и артистхэм ягъэлъэгъуащ Кальман и «Сильва» опереттэм щыщ пычыгъуэ. КъБР-м и цIыхубэ артист Балъкъэр Юрэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Шыбзыхъуэ Басир, КъБР-м и цIыхубэ артист Жангуразов Мажид сымэ къеджащ Шекспир Вильям, Бештокъуэ Хьэбас, Кулиев Къайсын сымэ я усэхэм. НыбжьыщIэ театрым и артистхэу къеджащ Жашуев Мухьэмэдрэ Къэшэж Дисанэрэ Гафт Валентин и «О, театр!» усэм. КъБРм и Музыкэ театрым и балетым хэт Къущхьэ Камиллэ игъэзэщIащ «Эсмеральда» балетым щыщ пычыгъуэ. АдэкIэ пшыхьыр ягъэдэхащ «Кабардинка», «Балкария», «Терские казаки» къэфакIуэ ансамблхэм, КъБР-м и Къэрал филармонием и уэрэджыIакIуэ Гуазэ Тимур, КъБР-м и Гуащэ театрым, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым я артистхэм. Концертым хэта псоми утыкум щызэдагъэзэщIащ «Виват, Артист» уэрэдыр икIи абыкIэ пшыхьыр зэхуащIыжащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ди псэлъэгъухэр

ЩIэныгъэр зи IуэхущIафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтхэр ират щIэныгъэмрэ абы щIэ гуэр хэлъхьэнымкIэ ехъулIэныгъэ зиIэ ныбжьыщIэхэм. 2025 гъэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIым теухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэм и УказымкIэ ягъэлъэпIахэм ящыщщ Мэкъуауэ (Токъмакъ) Данэ Хьисэ и пхъур. Абы зыхуэдгъэзащ иригъэкIуэкI щIэныгъэ лэжьыгъэр зытеухуам нэхъ убгъуауэ тедгъэпсэлъыхьыну.

Токъмакъ Данэ Малкэ къуажэм къыщалъхуащ, Налшык къалэм къыщыхъуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь ар щIэтIысхьащ Пятигорск дэт къэрал университетым инджылызыбзэмрэ нэмыцэбзэмкIэ и къудамэм. Ар хуеджащ «Теоретическая и прикладная лингвистика» унэтIыныгъэм. ЕджапIэ нэхъыщхьэр тхылъ плъыжькIэ къиухри, щIэныгъэм аспирантурэм щыпищащ, 2018 гъэм кандидат лэжьыгъэри пхигъэкIащ. А илъэс дыдэм щыщIэдзауэ Данэ щолажьэ Информатикэмрэ щIыналъэм унафэр щызехьэным хэлъ гугъуехьхэр джынымкIэ институтым. «Компьютер лингвистикэ» лабораторэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр хуэгъэзащ цIыхум и акъылым нэхъ тыншу къыхуэщтэ компьютер системэхэр бзэр джыным къыхуэгъэсэбэпыным.

- Данэ, дыщыгъэгъуазэт фызэлэжьыхэм.

- Нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, цIыхум унагъуэ IуэхукIэ, и лэжьыгъэкIэ къигъэсэбэп, щIэныгъэмрэ техникэмрэ я иужьрей Iэмэпсымэхэр «къэгъэпсэлъэнырщ» дызытелажьэр. Псалъэм папщIэ, цIыхум сабэщыпыр IэкIэ къримышэкIыу, унафэ хуищI къудейкIэрэ езы Iэмэпсымэр лэжьэнущ. Абы и закъуэкъым, уепсалъэмэ, жэуап къуатыжыфу хъунущ.

- «Алисэ» къызэрыдэпсалъэм хуэдэуи?

- НтIэ. КъищынэмыщIауэ, компьютерым, телефоным, машинэм пыщIа программэхэр цIыхум IэпэкIэ зримыгъакIуэу, епсалъэ защIэкIэ игъэлэжьэфынущ.

- КъэкIуэну жыжьэм теухуауэ дыщыцIыкIум дызэплъу щыта «фантастикэ» фильмхэр сигу къэбгъэкIыжащ. Абы щигъэ а зэманыр щIэх къэмысыну, дызэплъри зэи нэхуапIэ мыхъуну къытщыхъурт...

- Ди гуапэ зэрыхъунщи, къэсащ ар икIи дгъэунэхуну Iэмал диIэщ. ЗэрыжаIэщи, фантастикэр ауэ сытми зыгуэрым къигупсыса шыпсэкъым. Ар акъылкIэ, гупсысэкIэ япэ ищахэм я Iуэху еплъыкIэм хуэмыхьэзыр цIыхубэм я деж зэрынахьэс Iэмалщ. ЩIэныгъэр кIуэтэху, техникэм зиужьыху, цIыхури хуэхьэзыр мэхъу зэхъуэкIыныгъэщIэхэм. Мис итIанэщ къэхутэныгъэхэр утыку къыщрахьэр.

- Роботхэр «гъэсэн» жыхуэпIэр япэ дыдэу ди деж къыщежьар, хьэмэрэ къэрал гуэрхэр ди япэ ищауэ къагъэсэпэбрэ?

- Дэ дызэлэжь программэхэм хуэдэ куэд щыIэщ. Ахэр языныкъуэ къэралыгъуэхэм куэд щIауэ къагъэсэбэп. Ауэ дэ ди лэжьыгъэр абыхэм къахэзыгъэщхьэхукIыр цIыхум и гупсысэкIэм, и акъылым и лэжьэкIэм щыщ гуэр зэрыхэтлъхьэрщ. А Iэмалым япэ дыдэу еувэлIар ди институтым и унафэщI Нэгъуей Залымхьэнщ.

- Си нэгу къыщIэзгъэхьэну сыхэтщ узытепсэлъыхьыр, Данэ. ЦIыхухэм я дунейм и зы Iыхьэщ зэпсэлъэныр, зэдэуэршэрыныр, зэрыщIэныр. Роботыр ди гъащIэм къыхыхьэмэ, цIыхухэр зэфIэкIуэдынкIэ, я гупсысэкIэм, щытыкIэм зихъуэжынкIэ хъуну?

- Къэухь IэрыщIыр ди гъащIэм къыхэпшэхъуагъэхэщ. Ди адэ-анэхэмрэ адэшхуэанэшхуэхэмрэ къагурыIуащэкъым а псори зэрызэтеублар, зэрыхъур, зищIысыр. ЩIащ зэман кхъухьлъатэхэр зэрылажьэр, ахэр зищIысыр цIыхухэм къагурымыIуэу, щышынэу щыщыта. Ауэ нобэ ахэр димыIэу гъащIэр ди нэгу къытхущIэгъэхьэркъым. Дэ къытщIэхъуэ щIэблэр халъхуащ лъэхъэнэм и зэдзэкIыгъуэми, бдзэжьейр псым зэрыхэсым хуэдэу, ныбжьыщIэхэм тыншу къагъэIэрыхуэ щIэуэ къежьа псори. Ахэр нэгъуэщIщ, техникэ и лъэныкъуэкIэ псори къагурыIуэу дунейм къытехьэм хуэдэщ, къызэрыгуэкI гуэруи къащохъу нэхъыжьхэр зыщыщтэ щIэщыгъуэр.

- Мыпхуэдэхэм деж сигу къокIыж Къэзанокъуэ Жэбагъы и псалъэхэр: «Зэманым декIур лIыфIщ».

- Лъэпкъым и закъуэ мыхъуу, дуней псом ехьэлIауэ къэбгъэсэбэп хъунущ а жыIэгъуэр. Iущыгъэшхуэ хэлъщ абы.

- Уэ узэлэжь, дызытепсэлъыхь лэжьыгъэр къэдгъэсэбэпу роботхэр адыгэбзэкIэ къытхуэгъэпсэлъэну?

- Абыи долэжь. Адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ я псалъалъэхэр интернетым иралъхьэ иджыпсту. А гупым я лэжьыгъэр зэрызэфIэкIыу, роботхэр анэдэлъхубзэхэмкIэ къэгъэпсэлъэным деувэлIэну ди гугъэщ.

- «Модернизацэр къытхуэгъэсэбэпмэ, ди бзэр тхуэхъумэжынущ, тхуэгъэкIуэтэнущ» щыжаIэкIэ, ар си нэгу къысхущIэгъэхьэртэкъым. Уеблэмэ модернизацэм анэдэлъхубзэхэр игъэкIуэдыжыпэну къысщыхъурт. Мис иджы къызгурыIуащ... Иджыри зы упщIэ сиIэщ. Дызытепсэлъыхьа Iуэхугъуэм сыт уэ сэбэп уэзрыхуэхъур? Уи лэжьыгъэр сыт зытеухуар?

- ЦIыхум и псалъэхэмрэ унафэхэмрэ роботым къазэрыгурыIуэнур, зэрызэхащIыкIынур соубзыху. Стхам программистхэм код хуащIыжри, программэ ятх, ар иужькIэ роботым пкъралъхьэн, абы тету лэжьэн папщIэ.

- «Терминатор» фильмым къызэрыхэщауэ, роботхэм зэгуэр зыкъаIэтынкIэ ушынэкъэ, Данэ?!

- Роботхэм цIыхухэм хуэдэу гупсысэ, зэхэщIыкI яIэкъым. Абыхэм яIэр дэ яхэтлъхьэ къэухь IэрыщIращ. ИкIи зэгуэр къытпэщIэувэжынкIэ Iэмал иIэкъым.

- Уи IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ я хъер псоми тлъагъуну, Данэ. Упсэу!

Епсэлъар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

И мурадыр къехъулIакъым

КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ Май къалэм и щIыпIэ администрацэм и къудамэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэр. Абы шэч хуащI щIыпIэм щыпсэум Iулъхьэ къыIихыну хэтауэ.

ЗэрабзыхуамкIэ, 2025 гъэм и щэкIуэгъуэм къулыкъущIэм пэшхэр ущыпсэуным къезэгърэ (къемызэгърэ) къэзыпщытэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и секретарым зыгуэрым зыкъыхуигъэзащ социальнэ ахъшэ къратын IуэхумкIэ дэIэпыкъуну, мыдрейм абы хуигъэуващ сом мин 20 къыIэщIилъхьэну, а Iуэхур хузэфIихын папщIэ. Къримытрэ - унэм и пэш къызэпиплъыхьар ущыпсэуну къемызэгъыу къилъытэу, Iэмал имыIэу зыхуеину тхылъхэр къырыримыгъэтыну.

Ахъшэр къыщыIихым, илъэс 49-рэ зи ныбжь IэщIагъэлI нэхъыщхьэр щылажьэ пэшым щаубыдащ оперативнэ гупым.

Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ, УФ-м и УК-м и 290-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм и «б» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэм хуэдэ илэжьауэ ягъэкъуаншэу.

ЦIыхухъум зиумысыжащ

Къызэднэкlа илъэсым и кIэм Налшык и полицэм зыхуигъэзащ илъэс 31-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхухъум. Абы зэрыжиIамкIэ, ежьауэ къэтти, и цIыхугъэм елъэIуащ бэджэнду иIыгъ щIым щIитыпхъэ ахъшэр счетым игъэкIуэнымкIэ къыдэIэпыкъуну. АрщхьэкIэ, абы къыхуигъэхьа сом мин 700-р езым къигъэсэбэпри, ахъшэр зейм зыфIигъэпщкIужащ.

Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэм и лэжьакIуэхэм яубзыхуащ шэч зыхуащI гъэпцIакIуэр здэщыIэр. Илъэс 37-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр яубыдащ, икIи абы ищIамкIэ зиумысыжащ.

Урысей МВД-м и Налшык къалэ управленэм и следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ. Шэч зыхуащIым щIыпIэм имыкIыну зэрыхуагъэувым теухуа тхылъым Iэ щIрагъэдзащ.

ПцIыр къыпщIокIуэж

Урысей МВД-м Аруан районым щиIэ къудамэм зыхуигъэзащ илъэс 50 зи ныбжь, Псыгуэнсу къуажэм щыщ цIыхубзым. Абы зэрыжиIамкIэ, и ахъшэр и цIыхугъэм гъэпцIагъэкIэ зыIэщIилъхьащ.

Хъыбарыншэу кIуэда и Iыхьлыр къэгъуэтыжынымкIэ къыдэIэпыкъуну къыхуигъэлъагъуэри, илъэс 35-рэ зи ныбжь нарткъалэдэс цIыхубзым ар арэзы ищIащ сом 375 000-рэ иритыну. АрщхьэкIэ, ахъшэр Iэрыхьэри, абы зыкъыпищIэжакъым.

Аруан районым уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр къагъуэтри, къудамэм къашащ. Iуэхур зэхагъэкI.

УАРДЭ Жантинэ.

КIапсэ гъуэгущIэхэр

«EL-9» техникэ фIэщыгъэр зэрихьэу кIапсэ гъуэгущIэ «Iуащхьэмахуэ» бгы-лыжэ курортым щаухуэну я мурадщ мы илъэсым икIи Мэзкуу къэрал университетым и хэщIапIэу абы щыIэм деж къыщыщIэдзауэ «Пик Терскол» обсерваторием нэсыху туристхэр дришеинущ а гъуэгум. Апхуэдэ хъыбаркIэ журналистхэм иджыблагъэ ядэгуэшащ «Кавказ.РФ» зыужьыныгъэмкIэ институтым и гъэзэщIакIуэ директор ТIымыжь Хьэсэн.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, курортым и инфраструктурэм зэрызрагъэужьым хыхьэу, «EL-9» техникэ кIапсэ гъуэгум къыдэкIуэу, институтым иджыри кIапсэ гъуэгуиущ иукъуэдиинущ, иужькIэ, лыжэкIэ къыщажыхь щIыпIэхэм деж псори хъурейуэ щызэхыхьэжу. Абыхэм я фIыгъэкIэ, бгым и лъабжьэм деж туристхэр нэхъ щызэтримыхьэ хъунущ, псом хуэмыдэу, Iуащхьэмахуэ и къухьэпIэ джабэ нэкIумкIэ гъэза гъуэгухэм.

Псори зэхэту кIапсэ гъуэгущIэхэм километр 12-м нэблагъэ я кIыхьагъынущ. ЗэхъуэкIыныгъэхэр хуэунэтIащ курортым и инфраструктурэр егъэфIэкIуэнымрэ турист нэхъыбэ къыдэхьэха хъунымрэ. Ухуэныгъэхэр иратэжьэнущ дызэрыт илъэсым, щыжаIащ «Кавказ.РФ-м».

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Псы зыщIагъэлъадэ щIым зрагъэубгъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым псы зыщIагъэлъадэ, гъавэ зытращIэ и щIым гектар мини 7-м щIигъу къыхагъэхъуащ 2025 гъэм. Абыхэм щагъэуващ уэшх къыщешхым деж хуэдэу хьэсэхэр псыкIэ зыгъэнщI, щIыпIэшхуэхэр зэуэ къызэщIэзыубыдэ машинэхэр, псыр ихъуреягъкIэ зэрызэбграутхыкI спринклерхэр, ткIуэпс-ткIуэпсурэ псыр зэрыщIагъэхьэ Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэри.

Псы зыщIагъэлъадэ щIым нэхъыбэу хэзыгъэхъуар Прохладнэ щIыналъэрщ – гектар мини 5,2-м нэблагъэ. Лэскэн районым гектар 560-м щIигъу псым къыщызэщIрагъэубыдащ илъэс блэкIам, Бахъсэн районым - гектар 460-рэ, Май щIыналъэм - гектар 450-рэ.

Тэрч районым нэгъабэ хузэфIэкIащ псы зыщIагъэлъадэ и щIым - гектар 360-м нэблагъэ къыхигъэхъуэн, Шэджэм районым - гектари 100, Аруан районым - гектар 40.

Республикэм псы зыщIагъэлъадэ и щIым нэхъыбэу щыхащIэр, гъавэм щыщу - нартыхурщ, апхуэдэуи хадэхэкIхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ, мэракIуэ лIэужьыгъуэхэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Бжыгъэшхуэхэр щытопщэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 - 2026 гъэхэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм хыхьа зэIущIи 8-м ящыщу 6-м бжыгъэшхуэхэр къарикIуащ. Абы къегъэлъагъуэ командэхэр я къарукIэ икъукIэ зэрызэщхьэщыкIыр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ пашэныгъэр щызыIыгъ «Зэрэгъыжым» жэуапыншэу топитху худигъэкIащ къыпэщIэта Налшык и «ГорИс»-м. Абы къыкIэлъеIэ «Родник»-ри хьийм икIат – псынэдахэдэсхэм бгъуэнейрэ хагъэщIащ Щхьэлыкъуэ и «7 Вершин-Шалушка»-м и гъуэр.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм я хьэрхуэрэгъухэм топ нэхъыбэ дыдэ щахудэзыгъэкIа «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэхэри аргуэру лъэщащ. Нартан къуажэм къикIахэм абыхэм топибл жэуапыншэу иргъэхьащ.

Иужь джэгугъуитIым очкоитху зыгъэкIуэда Алътуд и «Искра»-м зыкъиищIэж хуэдэщ. Абы и щыхьэтщ «Псыгуэнсум» 3:0-у зэрытекIуар.

Къэнэжа джэгугъуэхэм хагъэщIауэ зыхуатх «Джэрмэншыкым» къызэрыкIэрыху щыIэкъым «Сады Баксана» командэр. Абы иджыри къэс зы очкои къыхуэхьакъым.

«Ислъэмейм» и пашэ Мэрем Андемыр гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ. «Логоваз»-м бжыгъэшхуэкIэ иужьу зэрытекIуар зыкъомкIэ зи фIыгъэр аращ. Мы зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ Андемыр 13-рэ къыхэжаныкIащ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ «ГорИс»-м щыджэгу Балъкъыз Амуррэ «Родник»-м и щIыхьыр зыхъумэ ХьутIэ Анзоррэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: «**Джэрмэншык**» (Джэрмэншык) - «**Урыху**» (Урыху) - **0:3** (зэрымыкIуам къыхэкIыу), «**Малка**» (Малкэ) - «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) – **4:2**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) – «**Родник**» (Псынэдахэ) – **1:9**, «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - «**Нартан**» (Нартан) - **7:0**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) – «**Логоваз**» (Бабугент) – **3:0**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Мурбек ФШ**» (Налшык) – **1:2**, «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) - «**ГорИс**» (Налшык) – **5:0**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) – **3:0**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щыIэнущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *щIышылэм и 24-м* - «Ислъэмей» -«Зэрэгъыж», «Спартак-Налшык» - «Джэрмэншык», «Логоваз» - «Малка», «Сады Баксана» - «ГорИс»; *щIышылэм и 25-м* - «Нартан» - «Шагъдий», «Урыху» - «7 Вершин-Шалушка», «Искра» - «Мурбек», «Псыгуэнсу» - «Родник» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025-2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Зэрэгъыж»	**9**	**8**	**1**	**0**	**24-6**	**25**
2. «Родник»	**8**	**7**	**1**	**0**	**26-5**	**22**
3. «Искра»	**9**	**7**	**1**	**1**	**26-2**	**22**
4. «Спартак-Налшык»	9	7	0	2	29-8	21
5. «Ислъэмей»	9	7	0	2	28-8	21
6. «Урыху»	9	4	3	2	16-9	15
7. «Псыгуэнсу»	9	4	2	3	17-13	14
8. «Малка»	9	4	1	4	16-22	13
9. «Мурбек ФШ»	9	4	0	5	20-16	12
10. «ГорИс»	9	3	1	5	16-27	10
11. «Шагъдий»	9	3	0	6	14-20	9
12. «7 Вершин Шалушка»	9	3	0	6	14-34	9
13. «Логоваз»	9	2	2	5	9-18	8
14. «Нартан»	8	2	0	6	12-27	6
15. «Сады Баксана»	**9**	**0**	**0**	**9**	**6-31**	**0**
16. «Джэрмэншык»	**9**	**0**	**0**	**9**	**0-27**	**0**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.203
Заказыр №65
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмI я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 2-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Нып Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.